

MWEN KONTAN OU RETOUPEN LEKÒL!

Montre w ENTELIJAN. Mete w ANSEKIRITE.

MACHE ANSEKIRITE:

- Mache pou ale lekòl pwomote sante, ekonomize gaz, konsève tan, e redui anbouteyaj alantou lekòl yo.
- ESTOPE nan koub/arebò sou twotwa a, e GADE AGOCH-ADWAT-AGOCH **anvan** ou travèse yon lari. Toujou itilize kote yo endike pou travèse lari ak siy pou pyeton avèk yon ofisye ki la pou ede w travèse lari a, si li disponib. Pa travèse devan oto amwenske ou sèten chofè a wè w, e li estope konplètman.

MONTE BISIKLÈT ANSEKIRITE:

- Prepare pou monte bisiklèt nan mete chapo-kask ki bon pou ou e fè yon tchèk anvan ou monte (van, fren, chenn, kolefren byen vit), pou asire l ansekirite pou w monte li.
- **Montre w Prevwayan!** Suiv règ lari a toutan
Mete w Vizib! Lè w ap fè siklis (oubyen w ap mache) lajounen mete koulè briyan lè fè nwa, solèy kouche e aswè, sèvi ak ekipman ki gen reflè (menm sou sakado yo). Bekàn ou an ta dwe genyen ladan limyè blan devan an, limyè wouj dèyè pou chofè yo ka wè w pi byen. Pote yon flach.
- **Familyarize w ak alantou w,** e PA JANM aksepte woulib nan men etranje!

KONDUI ANSEKIRITE:

- Obeyi tout afich sou vitès
- Lè w ap estope, kanpe, oubyen pake oto w, silvoulè itilize zòn ki endike pou sa.
- Mete Senti w – e Pa Voye Tèks e Kondui!

MONTE OTOBIS ANSEKITE:

Konsèy pou Monte Otobis Ansekirite - pou timoun:

- Lè n ap mache pou ale nan yon estasyon otobis, itilize twotwa si li disponib. Si pa gen twotwa, mache sou bò goch la kote w bay trafik k ap vini an fas ou.
- Pa janm pale ak etranje nan estasyon bis la oubyen monte oto yon etranje.
- Rete tann otobis la rive. Veye limyè wouj ki ap flache yo e ekstansyon siyal Estòp a soti
- Lè w ap monte nan yon otobis, toujou mete senti sekirite w, obeyi chofè a, e – lè w ap desann otobis la pou w travèse lari a – travèse *devan* otobis la pou chofè otobis la ka wè ou. Pa kouri antre nan lòt liy trafik la san ou pa tcheke!

Konsèy Sou Sekirite Otobis – pou Chofè

- Siyal limyè wouj k ap flache ak ekstansyon siyal estòp ki pwojekte yo endike otobis la estope e timoun ap monte oubyen desann. Tout oto dwe estope yon distans ki ansekirite e pa avanse jiskaske limyè wouj yo sispann flache.

Mesaj sou sekirite sa a ki vin jwenn ou an soti nan biwo Chèmann Komisyon Konsèy Perla Tabares Hantman an kolaborasyon avèk Lekòl Leta Miami-Dade County ak Ekip Sekirite Trafik Kominote Lokal ou a ak patnè li yo.

Montre w ENTELIJAN. Mete w ANSEKIRITE.